

BAB III

MÉTODE JEUNG TÉHNIK PANALUNGTIKAN

Salah sahiji cara pikeun mikanyaho kamana arah jeung tujuan panalungtikan ieu nyaéta ku jalan mikanyaho métode jeung téhnik panalungtikan nu bakal di pedar ieu di handap.

3.1 Métode Panalungtikan

Métode nu digunakeun dina panalungtikan ieu nya éta métode déskriptif. Gurat badagna métode ieu ngamangfaatkeun cara-cara panafsiran jeung nyajikeun dina wangun déskriptif. Métode déskriptif méré perhatian kana data alamiah, data dina patalina jeung kontéks kalungguhanana. Dina panalungtikan karya sastra, umpamana waé bakal di libatkeun pangarang, lingkungan sosial dimana pangarang aya, ka asup unsur-unsur kabudayaan dina umumna. Dina paélmuan sastra sumber datana nyaéta karya, naskah, data panalungtikan, salaku data formal nya éta kecap, kalimah jeung wacana (Ratna, 2004:46-47).

Numutkeun Atar Semi (1990:27), panalungtikan jeung objék hiji karya sastra bakal leuwih sarasi, payus, lamun ngagunakeun panalungtikan kualitatif déskrifsi nu medar data ku kecap-kecap atawa gambar-gambar, lain dina bentuk angka-angka, jeung data dina umumna mangrupa tulisan-tulisan, catetan-catetan, poto-poto, jeung rékaman- rékaman ngeunaan hiji hal laina. Bentuk palaporan ngagunakeun basa vérbal jeung simpulan-simpulan nu sacara vérbal dina bentuk déskrifsi.

3.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan mangrupa salah sahiji tarékah nu kudu dilakonan tur ngagunakeun métode nu tangtu pikeun kahontalna tujuan nu hayang kacangking dina panalungtikan, Suyatna (2002:18).

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta telaah pustaka, studi dokuméntasi jeung analisis.

1. Telaah pustaka

Téhnik telaah pustaka maksudna téhnik anu mangrupa kagiatan mutalaah buku anu dijadikeun objék panalungtikan nya éta novel *Kembang-kembang Petingan* sarta buku liana ngeunaan téori anu tumali jeung naon anu ditalungtik.

Téhnik telaah pustaka dipigawé pikeun nyangkem téori-téori jeung sumber anu ngarojong sarta baris dijadikeun tatapakan dina ngalaksanakeun ieu panalungtikan. Tina ieu kagiatan telaah pustaka dipiharep ngahasilkeun téori ngeunaan novel, sumber-sumber novel Sunda katut kamekaranana, jeung téori féminisme (kritik sastra féminis).

2. Analisis

Téhnik analisis digunakeun pikeun néang jeung nganalisis sakabéh data anu aya dina novél Sunda saméméh perang nepi ka ngahasilkeun data anu luyu jeung anu dipiharep.

3.3 Sumber Data

Sumber data dina panalungtikan ieu nyaéta novél *Kembang-Kembang Petingan* karangan Holisoh M. É. Nu jumlah halamanana 185, di terbitkeun ku penerbit Girimukti. Novél ieu ngandung eusi nu medar perkara wanoja nu ancrub ka dunya prostitusi ku jalan jadi PSK. Hal ieu ngabantu panalungtik pikeun naliti karakteristik wanoja nu aya dina ieu novél sacara sosial, fisik/waruga, karakteristik psikis/jiwa, karakteristik wanoja di kulawarga, jeung karakteristik wanoja di masarakat. Salian éta bisa ngabandingkeun karakteristik wanoja nu aya dina novél jeung réalita di masarakat Indonésia pikeun ngababarikeun ningali cicirén wanoja.

Sumber data lain nya éta artikel, buku hasil panalungtikan, jeung nu séjéna nu patali jeung wanoja, sarta téori-téori ngeunaan kritik sastra féminis.

Ayana sumber data nu ngadukung ngeunaan karakteristik wanoja ieu, novél di rasa cukup méré gambaran nu jelas ngeunaan naon nu di titénan tanpa kudu ngalakukeun panalungtikan ka lapangan. Di lapangan ngan saukur di jadikeun babandingan gambaran réalita kanyataan jeung nu aya dina karya sastra.

3.4 Téhnik Ngolah Data

Léngkah garapan ngolah data dina ieu panalungtikan ngawengku :

1. mariksa deui kalawan gemet data anu geus dikumpulkeun;
2. data anu geus di kumpulkeun téh satuluyna dianalisis dumasar kana métode anu geus ditangtukeun.

Cara analisisna saperti anu kaunggel ieu dihandap:

- a. nyirian sakabéh unsur anu ngandung gambaran tokoh wanoja (gambaran fisik, psikis, wanoja di lingkungan kulawarga, wanoja di lingkungan masarakat) dina novel;
 - b. ngainterprétasi (napsirkeun) sakabéh data anu kapanggih dina novel.
3. ngageneralisikeun/nyindekeun hasil analisis data.

3.5 Léngkah-Léngkah Panalungtikan

Léngkah-léngkah nu di lakukeun dina ieu panalungtikan nya éta saperti di handap ieu.

1. Léngkah kahiji, ngumpulkeun data-data nu patali jeung wanoja, kaasup novél *Kembang-Kembang Petingan* karangan Holisoh M.É. sarta nu bentukna makalah, buku, artikel, hasil panalungtikan batur jeung nu liana.
2. Léngkah kadua nganalisis struktur novél *Kembang-Kembang Petingan*. Analisis struktur novél ieu ngabantu pikeun mikanyaho karakteristik wanoja dina novél. Pamarekan kritik sastra féminis di fokuskeun dina nganalisis tokoh wanoja nu jadi wanoja, jeung karakteristik sosial, fisik, sarta psikis wanoja.
3. Léngkah ka tilu nyieun tinjauan atawa titénan kana karakteristik wanoja nu aya dina novél pikeun mikanyaho gambaran karakteristik wanoja, kalungguhanana, peranan wanoja, jeung kalakuan wanoja di bandingkeun jeung lalaki.
5. Léngkah pamungkas nu ka lima nyaéta nyieun kacindekan tina hasil analisis jeung interprétasi dina bentuk déskripsi ngeunaan karakteristik wanoja.

3.6 Modél Analisis

Sacara sistematis, prosés panalungtikan ieu bisa di gambarkeun dina modél analisis wangun bagan, saperti di handap ieu :

